

# KISA NOU YE

---

# ASIRANS APRE YON DEZAS

# KONTAKTE NOU

---



Se Legal Services of North Florida, Inc. ki te  
prepare sa a.

# MEN YON TI GID KI EKSPLIKE W KIJAN POU TRAVAY AK FOUNISÈ ASIRANS OU APRE YON KATASTWÒF NATIRÈL DOMAJE OSWA DETWI PWOPRIYETE W LA.

Jwenn yon kopi kontra asirans ou a. Ajan asirans ou an ka ba ou youn si sa nesesè. Li kontra a pou konnen dat limit pou bay konpayi asirans ou a yon avi sou nenpòt pèt.

Pran foto ak videyo domaj materyèl yo. Fè yon lis byen ki andomaje yo chanm pa chanm; fè sa tou ak domaj nan estrikti kay la, epi fè foto ak videyo tout bagay.



Kontakte konpayi asirans lan imedyatman pou fè yon reklamasyon. Swiv apèl la ak yon avi alekri epi kenbe yon kopi avi alekri a. Si sa posib, mande yon prèv livrezon tankou yon resi retou.

Tcheke kontra asirans lan pou dat limit yo oswa lòt kondisyon espesyal. Si gen asirans inondasyon, ou dwe soumèt prèv pèt lanan lespas 60 jou sof si yo pwolonje li.

Si ou fè nenpòt reparasyon, kenbe resi nenpòt depans pou reparasyon pwopriyete a. Anpil kontra asirans mande pou yon pwopriyete kay fè reparasyon tanporè pou pwoteje kont plis domaj oswa vandalis. Kenbe resi pou nenpòt depans siplemantè pou ka viv tankou otèl ak manje andeyò lakay ou.

Asire ou ke ou bay konpayi asirans lan koòdone egzat ou sitou si wap viv yon lòt kote tanporèman. Ranpli pi vit posib nenpòt fòm reklamasyon oswa fòm prèv pèt konpayi asirans lan mande. Note tout apèl ansanm ak konvèsasyon ou fè ak konpayi asirans lan. Asire ou mete dat, lè ak tout moun ki nan apèl la.

Kenbe kopi tout lèt, imèl oswa lòt korespondans ou te voye bay konpayi asirans lan oswa ou te resevwa nan men konpayi asirans lan.

Revize chèk ak peman ki soti nan konpayi asirans lan pou asire ou ke li pa gen ladann yon dechaj oswa konpayi a pa mande pwopriyete kay la renonse reklamasyon an.

Fè swivi ak konpayi asirans lan. Yon pwopriyete kay pa oblije aksepte premye òf la sitou si yo kwè ke li pa kouvri tout domaj yo..

**Chèche asistans legal si ou kwè yap trete ou yon fason enjis.**

